

**Kisa Pwogram COVID pou ede peye lwaye a ye?**

Asanble lejislatif nan New York State tabli pwogram sa a pou ede kòkay ki gen pi plis chay lwaye poutèt yo pèdi revni pandan kriz COVID-19 la. Gouvènè Andrew Cuomo agrandi kritè admisiblite yo epi l pwolonje peryòd aplikasyon an. Kritè admisiblite yo chanje jan sa endike annapre a.

**Èske Pwogram COVID pou ede peye lwaye a ap relouvri?**

Wi. Gouvènè Andrew Cuomo pwolonje tanporèman Pwogram COVID pou ede peye lwaye a epi li agrandi kritè admisiblite li yo. Tout aplikasyon fèt pou yo resevwa opita 1e fevriye 2021.

Pou kalifye pou yon koutmen nan pwogram COVID pou peman lwaye a, se pou aplikan an satisfè **tout** règleman admisiblite sa yo :

1. Se nan New York State l ap viv.
2. Pa janm resevwa yon sibvansyon nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye a.
3. Revni fwaye a anvan 7 mas 2020 ak nan moman yo soumèt aplikasyon an dwe egal a oswa pi ba pase 80% revni mwayen pou zòn nan pou konte yo a ak pou kantite moun ki nan fwaye a. Aplikan ka jwenn revni medyan rejyon nan konte a, dapre gwosè kòkay la : <https://hcr.ny.gov/eligible-income-limits-80-ami-county>

**Ki nouvo egzijans admisiblite ki gen nan pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a?**

*Pa egzanzp : Nan Clinton County, 80% revni medyan rejyon an pou yon kòkay ki gen kat moun se 58 960\$. Si gen kat moun nan kòkay ou a epi revni kòkay ou sa egal oubyen mwens pase montan sa a, alò kòkay ou a ap satisfè kritè sa yo.*

4. Pandan peryòd kouvèti a (1e avril 2020 - 31 jiyè 2020), kòkay la dwe pou l te peye yon lwaye ki plis pase 30% nan revni brit pa mwa a. (Revni brit pa mwa kòkay k ap fè aplikasyon an se montan total revni yo touche chak mwa, anvan tout dediksyon tankou dediksyon taks, sekirite sosyal, asirans medikal, etc.)

*Pa egzanzp : Revni brit pa mwa kòkay ou a se 2 000\$. Trant pousan revni pa mwa kòkay ou a se 600\$ men lwaye ou peye pa mwa a se 700\$. Kòkay ou a ta satisfè kritè yo lè konsa.*

5. Poutèt pandemik COVID la, gen pi piti revni pa mwa nan nenpòt mwa ant 1e avril 2020 ak 31 jiyè 2020 pase montan revni anvan 1e mas 2020.

*Pa egzanzp : Si yo peye w pa è epi yo diminye èdtan ou travay apatide 1e avril 2020, oubyen ou pèdi travay ou, alò ou satisfè kritè sa yo.*

**Èske koutmen pou peye lwaye a ofri nan lòd sa ki rive an premye?**

Pwogram COVID pou ede peye lwaye a pa mache nan metòd sa ki rive an premye ap sèvi an premye. Aplikasyon pral aksepte jouk nan dat 1e fevriye 2021 epi se pou n resevwa tout aplikasyon opita nan dat sa a. New York State Homes and Community Renewal (« NYSHCR ») pral mete an priyorite admisiblite kòkay yo dapre « pi gwo bezwen ekonomik epi sosyal ».

**Kisa k ap rive si mwen gentan admisib pou koutmen nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye a epi pwopriyetè kote m ap viv la resevwa yon prim sibvansyon? Èske mwen ka fè lòt aplikasyon pou koutmen siplemantè?**

Non. Si aplikasyon ou te fè a gentan apwouve, epi pwopriyetè kote w ap viv la deja oubyen pral resevwa yon sibvansyon pou ou, alò ou pa ka fè yon lòt aplikasyon pou plis koutmen nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye a. Konnen tanpri pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a laji kritè admisiblite li yo, men li pa vle di montan sibvansyon an ap plis pase sa kòkay yo resevwa nan ansyen pwogram lan.

**Kisa k ap rive si m pa t admisib pou Pwogram COVID pou ede peye lwaye a?**

NYSHCR pral relouvri epi revize aplikasyon ki te refize anvan men gendwa admisib alèkile pou yon sibvansyon dapre nouvo kritè admisiblite yo. NYSHCR pral kominike avèk aplikan si gen lòt enfòmasyon siplemantè ki nesèsè pou trete aplikasyon an.

**Èske yo pral kominike avèk mwen si aplikasyon mwen an ap rekonsidere dapre nouvo kritè admisiblite yo?**

Wi. NYSHCR pral avèti w si aplikasyon ou an ap relouvri epi trete dapre nouvo kritè admisiblite yo.

**Mwen fè aplikasyon sou papye epi yo te di m aplikasyon mwen an pa t ka trete oubyen li pa t byen ranpli. Èske mwen ka fè yon lòt aplikasyon?**

Wi. Ou ka fè yon lòt aplikasyon pou pwogram lan.

\*\*\*Nou rekòmande ou kominike avèk sant telefonik la pou w resevwa koutmen siplemantè pou byen ranpli aplikasyon ou an. Sant telefonik la ka ede w ranpli aplikasyon an anliy. Sant telefonik la louvri lendi pou vandredi, ant 8è30 nan maten jouk 5è nan apremidi nan nimewo telefòn 1-833-499-0318 oubyen nan imèl [covidrentrelief@hcr.ny.gov](mailto:covidrentrelief@hcr.ny.gov). NYSHCR ap travay pou li idantifye plizyè konpayi san bi likratif pou yo ede pèsonaj ranpli aplikasyon pa yo a. Nou pral enprime yon lis sosyete k ap patisipe yo depi l posib.

**Kisa k ap rive si aplikasyon mwen fè pou koutmen nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye a pa ko fin trete? Èske se pou m refè aplikasyon an?**

Non. Tout aplikasyon k ap trete alèkile nan NYSHCR (menm ak sa ki nan apèl) ap evalue otomatik dapre nouvo kritè admisiblite yo.

Si w gen difikilte pou w konekte nan kont NY.gov ou a, se pou w netwaye cache navigatè ou a epi eseye ankò.

Men ki direktiv pou w suiv pou netwaye cache ou a nan navigatè popilè yo :

**Pouki mwen gen difikilte konekte nan kont NY.gov mwen an?**

**\*KONNEN TANPRI** - se Google Chrome, Microsoft Edge/Explorer 11, Apple Safari oubyen lòt navigatè modèn ki rekòmande (li pa mache avèk Internet Explorer 10 epi lòt pi ansyen).

[Google Chrome](#)

[Mozilla Firefox](#)

[Safari](#)

[Edge](#)

**Si m resevwa benefis chomaj, Pandemic Unemployment Assistance, oubyen Pandemic Unemployment Compensation, èske I ap konte kòm revni pou pwogram sa a?**

Wi, dapre kritè admisiblite yo gen nan revni a benefis chomaj, Pandemic Unemployment Assistance (PUA) epi Pandemic Unemployment Compensation (PUC). Resi pou benefis sa yo gendwa fè ou pa admisib pou w resevwa yon èd pou peye lwaye ou a si pa gen pèt revni pandan peryòd kouvèti a.

*Pa egzanp : Anvan mwa mas la, ou te touche 2 000\$ pa mwa nan travay ou a. Ou pèdi travay ou epi tout salè w poutèt COVID epi w fè aplikasyon pou benefis Unemployment Insurance (UI). Dapre asirans chomaj New York State nòmal la, ou resevwa 1 000\$ pa mwa nan benefis UI , resevwa UI pandan peryòd kouvèti pou mwa avril, me, jen, epi jiyè yo fè w kalifye pou w resevwa yon lòt 600\$ pa semèn (2 600\$ pa mwa) nan PUC federal. Poutèt konbinezon benefis UI epi PUC yo pi plis pase revni pa mwa ou te gen anvan COVID, konnen ou pa admisib.*

**Èske m admisib pou m resevwa koutmen pou peye lwaye sa a si m gen yon Section 8 Housing Choice Voucher oubyen si m ap viv nan yon lojman piblik?**

Non. Si yon lokatè ap resevwa yon Section 8 Housing Choice Voucher\* pou frè lokasyon pa yo a oubyen y ap viv nan yon lojman piblik epi lwaye pa yo a pa ka plis pase 30% montan revni pa yo a, alò lokatè a pa ta admisib dapre règleman an.

\*Pou kòkay ki resevwa garan Seksyon 8 : Si chay lwaye pa yo a depase 30% montan revni pa yo a, epi yo gen yon pèt revni nan peryòd tan sa a, kòkay la dwe mande pou yon ajisteman nan estanda peman lwaye pa yo a. Kòkay ka kominike avèk administratè garan Section 8 pa yo a pou yo mande pou yon Interim Resertification (resètifikasyon pwovizwa).

Kòkay ki admisib ka resevwa yon sibvansyon inik pou lwaye.

Sibvansyon pou aplikasyon ki admisib yo pral kalkile kòm : diferans ant chay lwaye kòkay la gen 1e mas nan lane 2020 epi chay lwaye kòkay la pandan mwa avril, me, jen, epi jiyè nan lane 2020. Pou aplikan ki pa t konsidere pou yo gen chay lwaye le 1e mas 2020, sibvansyon pral kalkile pou mete yo nan limit 30 pousan chay lwaye a pou mwa ki nan peryòd kouvèti a.

Sibvansyon inik la ap peye dirèk bay pwopriyetè lokasyon rezidan an.

**Si mwen admisib pou Pwogram COVID pou ede peye lwaye a, ki koutmen mwen ka resevwa?**

\*Chay lwaye se montan lwaye ki nan kontra pa mwa a ki pi plis pase 30% nan montan revni brit kòkay la.

Anvan pandemik COVID-19 la, revni total pa mwa yon kòkay te 3 000\$ epi lwaye pa mwa a te 700\$. Kòkay la t ap peye 23% nan montan revni pa mwa pa yo a nan lwaye. Kòkay sa a pa t gen chay lwaye anvan COVID.

Toutfwa, poutèt COVID, èdtan yo travay bese epi revni pa mwa a bese nan 1 400\$ pandan peryòd kouvèti a kwak lwaye a kontinye rete 700\$. Kòkay sa a t ap peye 50% (700\$/1 400\$) nan revni pa mwa pou lwaye pandan peryòd

kouvèti a.

Kòkay sa a ap admisib pou yon sibvansyon ki kouvri ogmantasyon nan chay lwaye a ki pi plis pase 30%. Pou kalkile montan sibvansyon kòkay sa a, nou detèmine limit montan chay lwaye maksimòm lan an premye dapre bèss nan revni a pandan peryòd kouvèti a :  $1\,400\$ \times 30\% = 420\$$ .

Après, nou soustrè 420 nan lwaye pa mwa a epi diferans lan koresponn ak montan sibvansyon yo admisib pou yo resevwa ( $700\$ - 420\$ = 280\$$ ). 280\$ a ap bese chay lwaye kòkay la pa 30% pou chak mwa y ap fè aplikasyon pou koutmen an epi pou jouk kat mwa.

**Èske gen yon montan maksimòm pou koutmen mwen ka resevwa nan kad pwogram sa a?**

Gen yon montan total pou montan sibvansyon ou ka resevwa. Pou kalkile koutmen w ap resevwa a, se pou montan kontra lwaye ou a pa plis pase 125% lwaye ekitab pa mwa pou chak mwa ou mande koutmen an. Se HUD ki kalkile lwaye ekitab yo, epi ou ka wè sa nan lyen elektwonik sa a : <https://www.hcr.ny.gov/rent-caps-125-fmr-crrp>

*Pa egzanp : Yon rezidan k ap viv nan yon chanm nan Nassau County epi ki peye 2 100\$ lwaye pa mwa. Lwaye ekitab la pou yon chanm nan konte sa a se 1 624\$. Kòkay sa a toujou admisib pou yon sibvansyon, toutfwa, lè sibvansyon an kalkile l ap gen yon limit 2 030\$ nan lwaye a, ki se 125% lwaye ekitab la.*

Lè yon kòkay fè yon aplikasyon, y ap gen pou yo reponn kesyon admisiblite pou yo ka detèmine.

Epitou y ap mande aplikan yo founi epi soumèt sèten enfòmasyon epi dokiman pou verifye admisiblite pa yo a, an kontan :

**Ki pwosesis aplikasyon pou pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a?**

- Gwosè epi konpozisyon kòkay la ; epi
- Revni fwaye a anvan 1ye mas 2020, pandan peryòd 1ye avril 2020 ak 31 jiyè 2020 epi nan moman yo soumèt aplikasyon an.

Si yon kòkay detèmine pou li admisib, y ap mande pou kòkay la soumèt dokimantasyon pou sètifye admisiblite pa yo a.

Infwa enfòmasyon sa yo verifye epi trete, yon grenn peman inik ap voye an dirèk bay pwopriyete lokasyon aplikan an.

Men kisa moun k ap fè aplikasyon an dwe founi :

Kopi fèmaj la, lòt prèv sou montan lokasyon pa mwa a, oubyen atestasyon lwaye lokatè a (li disponib sou pòtal la), si pa gen yon fèmaj oubyen lòt prèv ki disponib ; epi

**Kijan mwen ka tabli admisiblite kòkay mwen an pou pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a? Ki dokiman mwen dwe founi?**

Prèv revni brit kòkay la anvan 1e mas 2020 epi pou 31 jiyè 2020. W ap gen pou w montre tout revni brit ou pandan peryòd kouvèti a (1e avril 2020 jouk 31 jiyè 2020) pou tabli pèt revni nan moman sa a. Sa gen ladan l, men se pa senpleman yon souch pewòl, lèt konpayi travay la, papyè taks federal/leta, oubyen atestasyon sou anlwa (li disponib sou pòtal la), si pa gen souch pewòl oubyen lòt prèv disponib.

Aplikan yo dwe soumèt tou enfòmasyon sou revni brit pou fwaye a nan moman yo soumèt aplikasyon an.

**Èske se pou m kontinye peye lwaye mwen an?**

Wi. Sibvansyon lokasyon an senpleman kouvri yon pati nan lwaye mwa a (gade kakil sibvansyon ki make anwo a) pandan peryòd kouvèti a (avril 2020 - 31 jiyè 2020).

Sibvansyon lokasyon an ap peye dirèkteman bay pwopriyetè lokasyon kòkay la. Ou toujou responsab pou rès montan lokasyon pa mwa a.

**Si mwen gentan peye tout lwaye mwen an pou yon mwa oubyen plis mwa nan mwa peryòd kouvèti a. Èske mwen ka resevwa yon koutmen nan men Pwogram COVID pou ede peye lwaye a?**

Wi. Si yon kòkay peye tout oubyen moso nan montan lokasyon pa yo a nan yon peryòd ki ant 1e avril 2020 jouk 31 jiyè 2020 epi yo admisib (wè kritè ki make anwo a) yo gendwa toujou resevwa yon koutmen.

Si yon kòkay chwazi pou l resevwa koutmen nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye, epi yo gentan peye tout oubyen moso nan montan lokasyon pa yo a, yo gendwa chwazi pou pwopriyetè kote yo rete a itilize èd la pou youn oubyen plis mwa lwaye ki dwe oubyen k ap dwe apre peryòd kouvèti a.

**Si m pa gen yon fèmaj, men mwen se yon lokatè mwa apre mwa, èske mwen toujou admisib pou mwen resevwa èd?**

Wi. Moun k ap fè aplikasyon pa bezwen gen fèmaj ki valab pou yo resevwa èd, depi yo kalifye dapre kritè admisiblite yo.

Kòkay ki pa gen fèmaj ap bije founi lòt prèv sou obligasyon lokasyon oubyen y ap gen pou yo ranpli yon atestasyon lwaye lokatè (li disponib sou pòtal la), si yo pa gen okenn lòt dokimantasyon.

Tout revni dwe konte lè pou detèmine revni kòkay ou a. Admisiblite pou pwogram sa a baze sou revni brit\*, pase sou montan ou resevwa a. Revni **brit** se montan revni a anvan tout dediksyon, an kontan taks. Dapre lalwa a, revni se salè, pèy, poubwa, kado repetitif, benefis chomaj, epi lòt benefis gouvènmantral pou tout moun nan yon kòkay.

**Ki montan revni ap konte nan detèminasyon sou revni kòkay mwen an?**

Li gen ladan l tou Pandemic Unemployment Assistance (PUA) epi Pandemic Unemployment Compensation (PUC). Sa gen ladan l tou Asistans Chomaj akòz Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) ak Konpansasyon Chomaj akòz Pandemi (Pandemic Unemployment Compensation, PUC).

Fwaye yo pa bezwen enkli revni travay pou timoun minè ki gen mwens pase laj 18 lane, oswa pou timoun depandan ki gen laj 18 lane oswa ki pi gran ak pou etidyan apentant yo. Epi tou kòkay pa gen pou yo mete peman foster care oubyen benefis pwogram èd siplemantè pou nitrisyon (SNAP).

\*Si w ap itilize papyè taks leta oubyen federal pou lane 2018 oubyen 2019 kòm prèv pou revni anvan COVID, admisiblite a baze sou revni brit ajiste a.

**Èske chèk relans lan ap konte kòm revni?**

Non, chèk relans (stimulus) pa konte antanke revni.

**Èske èd lwaye a ap konte kòm revni lè pwopriyetè kote mwen rete a plen taks li?**

Wi, l ap konte ladan l.

**Ki delè Pwogram COVID pou ede peye lwaye a kouvri?**

Nan pwogram lan, se pou w touche mwens lajan nan nenpòt mwa ant avril 2020 epi jiyè 2020 pase sa w te touche anvan 1e mas 2020 e sa poutèt pandemik COVID-19 la. Ou ka senpleman resevwa sibvansyon an pou mwa avril, me, jen, epi jiyè.

**Kijan mwen ka detèmine si revni kòkay mwen an mwens pase 100% nan revni medyan rejyon an?**

Revni medyan rejyon HUD la varye dapre konbyen moun ki nan kòkay la epi dapre konte a. Ou ka jwenn revni medyan rejyon nan konte a, dapre kantite moun ki nan kòkay ou a :

<https://hcr.ny.gov/eligible-income-limits-80-ami-county>

**Kisa k ap rive si mwen resevwa benefis piblik oubyen èd piblik? Èske se pou mwen deklare lajan mwen resevwa nan pwogram sa a kòm revni?**

Non. Lajan ki peye onon yon kòkay pa p konte nan revni anyèl kòkay la pou kesyon prestasyon piblik oubyen lòt èd piblik.

**M se yon imigre. Èske si mwen resevwa yon koutmen nan Pwogram COVID pou peman lwaye a, koutmen sa a ap fè mwen dwe gen yon detèminasyon pou frè piblik?**

Pa gen anpil chans pou èd sa a konsidere pou frè piblik. Toutfwa, analiz imigrasyon epi frè piblik konplike anpil. Gade nan [Biwo pou nouvo sitwayen Etazini Damerik](#) oubyen pale avèk yon avoka imigrasyon pou w jwenn èd.

**Èske pwopriyetè kote mwen rete a aksepte benefis la?**

Wi. Nan lane 2019, Gouvènè Cuomo siyen yon lejislasyon ki entèdi pwopriyetè lokasyon diskrimine kont lokatè an fonksyon lajan ki itilize pou peye lokasyon an. Laplipaditan, sa vle di pwopriyetè lokasyon epi lòt founisè lokasyon dwe dapre lalwa aksepte peman Pwogram COVID pou ede peye lwaye.

New York State pran oserye tout diskriminasyon ki baze sou sous revni. Si yon pwopriyetè lokasyon refize aksepte peman sa a, lokatè a gendwa klase yon plent pou diskriminasyon nan State Division of Human Rights nan [www.dhr.ny.gov/complaint](http://www.dhr.ny.gov/complaint)

**Mwen seleksyone pou mwen resevwa èd. Kijan m ap fè pou m konnen si pwopriyetè kote mwen rete a resevwa benefis la pou mwen?**

Infwa yon moun k ap fè aplikasyon seleksyone pou l resevwa èd, l ap avèti similtaneman ansanm avèk pwopriyetè kote yo rete a pou di sibvansyon an peye.

Gen nan avi sa a montan èd la, dat li resevwa, epi kijan ou chwazi pou montan siplemantè kredite ba ou, si w gentan peye enpe oubyen tout lwaye ou a.

**Yo fè m konnen kouman nan Pwogram COVID pou peman lwaye a te peye bay pwopriyetè kote m rete a. Pwopriyetè a di kounyela li pa janm resevwa lajan an**

Li enpòtan pou aplikan yo kenbe lèt yo resevwa a ki fè konnen peman an te fèt bay pwopriyetè a. Lèt sa a se yon prèv peman te fèt. Ou gendwa kominike tou avèk sant telefonik la nan nimewo (833) 499-0318 pou kesyon sou peman, tankou yon konfimasyon sou peman ki te fèt la.

**epi l ap eseye mete m deyò.  
Kisa pou mwen fè?**

Men ki kalite pwopriyete LOKASYON ki disponib pou yon koutmen pou peman lwaye nan pwogram lan :

Lokasyon apatman ;

Lwaye pou yon kay pou yon fanmi ;

Lokasyon kay mobil ;

Lokasyon teren pou kay mobil ; epi

Moun k ap viv nan pak kay mobil fèt pou yo senpleman mete, sou aplikasyon pa yo a, obligasyon lokasyon pa yo a (lokasyon teren epi/oubyen lokasyon kay).

**Ki kalite pwopriyete lokasyon ki admisib pou koutman nan lwaye?**

Wi, rezidan yo ka aplike pou asistans pou peye lwaye si yo abite avèk youn oswa plizyè kolokatè, men yo ka aplike sèlman pou asistans pou pòsyon nan kay la ak pou peman lwaye ke yo menm yo responsab pou yo a chak mwa.

**Èske mwen ka fè aplikasyon pou pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a si mwen gen yon kolokatè?**

Si toude, yon rezidan ak kolokatè li, satisfè kritè admisibilite yo epi toulède ap aplike pou asistans, yo fèt pou yo aplike ansanm antanke yon fwaye.

Si yon lokatè epi kolokatè toulède satisfè kritè admisibilite yo epi yo toulède ap fè aplikasyon pou yon koutmen, se pou yo fè aplikasyon ansanm tankou yon kòkay. Si sèlman yon kolokatè satisfè kritè admisibilite yo, kolokatè sa a dwe pou l fè aplikasyon limenm sèl epi kalkile montan lwaye li a. Kolokatè sa a ap gen pou l ranpli Atestasyon lwaye lokatè a, pou sètifye montan lwaye pa li a.

**Èske m ap avèti si mwen pa admisib pou m resevwa pwolongasyon nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye a?**

Wi. Ou pral resevwa yon avi si w jije ou pa admisib pou èd la.

**Èske se pou mwen di pwopriyete kote m rete a si mwen ranpli yon aplikasyon pou pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a?**

Pou pa gen okenn move malantandi, nou vreman ankouraje lokatè yo pou yo kite pwopriyete a konnen yo pa ka peye pou tout oubyen yon pati nan montan lokasyon an osito sa posib epi pou yo kite pwopriyete a konnen tou yo te fè yon aplikasyon. Toulède lokatè epi pwopriyete a pral avize lè peman an fèt.

**Kisa k ap rive si m kite apatman mwen an apre mwen te ranpli aplikasyon pou koutmen an?**

Si w kite apatman ou an apre ou te fin fè aplikasyon pou yon koutmen nan Pwogram COVID pou ede peye lwaye a, ou ka kominike avèk sant telefonik la nan nimewo (833) 499-0318 pou w anile aplikasyon an. Si w pa anile aplikasyon w lan epi li aksepte, **pwopriyete apatman ki sou aplikasyon w lan** ap gen dwa kenbe montan lajan an si w dwe yon montan sou lwaye ou a. Si w kite apatman an epi w pa dwe okenn lwaye oubyen si montan sibvansyon an pi plis pase montan ki te dwe a, pwopriyete apatman an gen pou l remèt montan sibvansyon an ki pa itilize a bay NYSHCR.

Infwa ou kite apatman ki te sou aplikasyon w lan, si w apwouve, ou pa ka transfere montan sibvansyon an pou w peye nouvo pwopriyetè kote w rete a.

**Kisa k ap rive si mwen chanje kay pandan peryòd kouvèti a? Èske mwen ka toujou ranpli yon aplikasyon?**

Si w chanje epi ale viv nan yon nouvo apatman pandan peryòd kouvèti a, ou ka toujou ranpli yon aplikasyon pou Pwogram COVID pou ede peye lwaye a. Toutfwa, se sèlman pou apatman ou rete alèkile a ou ka mande èd. Ou pa ka chache jwenn èd pou peye yon ansyen kòb ou dwe pou ansyen apatman an, menm si ou te viv la pou yon pati nan peryòd kouvèti a.

**Ki dat limit la pou remèt yon aplikasyon pou pwolongasyon Pwogram COVID pou ede peye lwaye a? Kilè m ap resevwa repons?**

Dat limit pou fè aplikasyon pou koutmen an se **1e fevriye 2021**.

**Èske mwen ka enskri pou mwen resevwa mizajou sou disponiblite Pwogram COVID pou ede peye lwaye?**

Wi, pou w resevwa enfòmasyon ajou klike tanpri sou lyen elektwonik ki annapre a : [Mizajou sou Pwogram COVID pou ede peye lwaye](#)

**Kilès mwen ka sonnen si mwen bezwen yon koutmen nan aplikasyon an?**

Sonnen tanpri sant telefonik la nan nimewo (833) 499-0318. Sèvis nan sant telefonik la louvri ant 8è30 nan maten jouk 5è nan apremidi depi lendi rive vandredi. Konnen tanpri sant telefonik la ap fèmen 24 desanm, 25 desanm, 31 desanm, epi 1e janvyè.

**Ki sòt fichye nou ka telechaje?**

Men ki sòt fichye sistèm aplikasyon an aksepte : .doc, .docx, .jpeg, .jpg, .png, .gif, .tiff, .tif, .pdf Gwosè maksimòm fichye a se 100MB

**Mwen se pwopriyetè epi mwen resevwa yon peman pa chèk. Kijan èske mwen ka konfime avèk ki lokatè peman an asosye?**

Ap gen sou chèk la lis premye senk lokatè peman an kouvri. Pou lokatè siplemantè, gade sou dezyèm fèy papyè ou resevwa a ki idantifye lòt lokatè epi peman ki asosye ak yo. Si w kwè kantite lokatè ou a plis pase senk epi w pa ka jwenn dezyèm fèy papyè a, sonnen tanpri sant telefonik la nan nimewo 1-833-499-0318 oubyen voye yon imèl bay [covidrentalrelief@hcr.ny.gov](mailto:covidrentalrelief@hcr.ny.gov) pou w mande pou ekip jesyon ka a rele w nan telefòn.